

# Yon gid paran pou la New York State P-12 Estanda Aprantisaj Syans

## Ki Estanda Aprantisaj Syans Eta New York P-12?

*Nòm Aprantisaj P-12 NYS yo se objektif edikatif tout elèv ki nan Eta Nouyòk soti nan Preskolè rive nan 12yèm ane nan Syans.*



Eskane Kòd QR la pou w jwenn aksè nan afich sa a sou sit entènèt NYSED la pou jwenn lyen dirèk.



## Kisa ki lasyans e poukisa li enpòtan pou ptit mwen?

Lasyans se apwòch syantifik ki pèmèt nou konprann monn reyèl la. Pami bagay sa yo, gen yon anvi pou jwenn esplikasyon ki baze sou agiman ak prèv ki kapab verifye. Branch ansèyman P-12 gen ladan: byoloji, syans fizik, li genyen tou Syans de Latè ak Espas.

Pandan plizyè deseni ki pase yo, kantite etid rechèch, rapò, politik ak piblikasyon montre avantaj ki genyen lè yo anseye elèv yo syans yon fason pou ede yo pi byen prepare sou mache travay la epi nan etid inivèsité yo. Karyè nan Syans, Teknoloji, Jeni ak Matematik (STEM) ap ogmante nan pwochen deseni an, sa ki fè li enpòtan pou tout elèv gen aksè nan posiblite aprantisaj yo yon fason pou yo ka eksele.

## Kilè y ap mete sou pye Nòm aprantisaj Syans P-12 NYS yo?

Ou kapab jwenn kalifye sou lè y ap mete pwogram nan sou pye sou sit entènèt pwoogram ak ansèyman syans lan.


## Kijan mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon konsènan Nòm aprantisaj P-12 NYS yo lè w pale ak pwofesè pitit ou a oswa lè w ale sou sit entènèt NYSED la.

## Resous pou paran yo

Sipòte aprantisaj lakay

- ⇒ [Resous pou mete sou pye Nòm Syans nan Eta Nouyòk](#)
  - ⇒ [Resous pou Paran ki nan Aso-sasyon Paran ak Pwofesè \(Parent Teacher Association, PTA\) nan Eta Nouyòk](#)
  - ⇒ [Resous pou Paran Elèv Andi-kape yo](#)
  - ⇒ [Resous pou moun k ap Aprann Plizyè Lang / pou Paran k ap Aprann Anglè](#)
  - ⇒ [Biwo Pwogram ak Ansèyman Depatman Edikasyon nan Eta Nouyòk](#)
- Imèl: [EMSCURRIC@nysed.gov](mailto:EMSCURRIC@nysed.gov)



## Nòm to ak Aprantisaj Pitit Mwen nan Salklas la

Aprantisaj elèv la pi byen kore lè objektif yo byen defini. Egzamp ki pi ba a montre kijan pati enpòtan nan aprantisaj la fonksyone ansanm. Objektif santral la, aprantisaj elèv la depann de pwogram (kourikolòm) nan, ansèyman an ak Evalyasyon. Nòm aprantisaj yo reprezante tout konesans ak konpetans elèv yo bezwen aprann nan fen chak ane lekòl.



<b>Estanda</b> <i>"Kisa nou bezwen aprann?"</i>	<p>Estanda yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>⇒ se objektif pou elèv nan Eta Nouyòk yo;</li> <li>⇒ yo òganize selon matyè ak nivo klas;</li> <li>⇒ aprantisaj la yo prevwa ki pral realyze nan fen yon ane lekòl espesifik;</li> <li>⇒ apwouve pa New York State Board of Regents.</li> </ul> <p>Egzanp yon estanda syans Kindègadenn: Planifye epi mennen ankèt pou konpare efè plizyè fòs genyen oswa efè plizyè direksyon pouse ak rale genyen sou lè yon objè ap bouje.</p>
<b>Kourikoulòm</b> <i>Kisa n ap chèche aprann?</i>	<p>Kourikolòm la se:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>⇒ kontni, konsèp ak konesans elèv yo pral aprann yo ap pèmèt yo ranpli nòm chak distri apa fikse yo.</li> </ul> <p>Egzanp: Gwoup etid devlope lokalman, tankou gwoup lekòl entèmedyè ki baze sou fòs ak entèraksyon.</p>
<b>Enstriksyon</b> <i>"Kijan nou ap aprann?"</i>	<p>Enstriksyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>⇒ Metòd ak estrateji yon edikatè itilize pou anseye pwogram nan. Baze sou bezwen elèv yo selon sa pwofesè nan klas yo ak Distri yo detèmine kòm bezwen.</li> </ul> <p>Egzanp: Ansèyman an ti gwoup oswa aprantisaj kowoperatif pandan yon aktivite laboratwa.</p>
<b>Evalyasyon</b> <i>"Kisa nou te aprann?"</i> <i>"Kisa nou ta dwe fè apresa?"</i>	<p>Evalyasyon yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>⇒ Se metòd nou itilize pou n konnen kijan elèv yo pwogrese.</li> <li>⇒ Gide epi oryante ansèyman an.</li> <li>⇒ Se distri lokal yo ak/oswa pwofesè yo epitou Nouyòk ki detèmine sa.</li> </ul> <p>*Eta Nouyòk bay egzamen sila yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>ELA ak Evalyasyon Nivo Matematik nan nivo 3yèm pou 8yèm Klas</li> <li>Evalyasyon Syans nan 4yèm Klas (yo pral bay li nan 5yèm Klas nan lane 2024)</li> <li>Egzamen Regents yo</li> <li>Tès Akonplisman Anglè kòm Dezyèm Lang (English as a Second Language Achievement Test - NYSELAT)</li> <li>Evalyasyon Altènativ (Alternate Assessment - NYSAA)</li> </ul> <p>Egzanp: òbsèvasyon nan salklas envestigasyon yon elèv ap fè de yon ekosistèm oswa analiz yon kaye syans yon elèv baze sou eksperyans nan laboratwa yo.</p>